

## РАЗМÆ РАЗÆНГАРДÆЙ КА ЦÆУЙ, РÆСТВÆНДАГ ÆМÆ ÆНТÆСТГИН ДÆР Е ФÆУУЙ!..

***Джон ДЬЮИ (1859-1952), америкаг философ: «Сæ царди медæгæ хуæрзамондæй фæххайгин унæн сæмæ ци хъауритæ æма равгитæ фæууй, уони адæм некæд испайда кодтонцæ æнæгъæнæйдæр, уомæн æма сæ зæрдæ фæддарунцæ сæхецæн дæр æма æрдзæн дæр æндагон тухæбæл, уотæ фенгъæлунцæ, æма син е сæ бæсти исараздзæнæй, сæхуæдтæ бæрнон цæбæл уонцæ, уой...»***



Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№46 (966) 2024 анзи 7 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман

НÆ АБОНИ ЦАРДАРÆЗТИ САГЪÆССАГДÆР ФАРСТАТÆ

# ФÆЛЛОЙНÆ – ЦАРДИ ФÆРÆЗНÆ!..



КАДЖАТИ Вадими конд хузæ.

«Кустуарзаги фæллæнттæ хори хузæн тавунцæ æхе дæр æма иннети дæр!..» Нæ фидтæлтиккон аци загъд бæргæ раст æй, фал нури рæстæгути уавæрти дæр уотæ ‘й? Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 2-3-аг фæрстæбæл.

НОМЕРÆН



## Æ УОДУÆЛДАЙ ФÆЛЛÆНТТÆЙ СИ БОЗ АН НЕРÆНГÆ ДÆР МА...

Абони нæ национ культури æнтæстдзийнæдтæй сæрустур угæй, гъæуама ни иронх ма уонцæ, уони ка исфæлдиста, еци искурдиадæгин адæймæгути фæллæнттæ. Уонæй еу æй нæ национ театралон аййевади номдзуд архайæг, Уæрæсей æма Цæгат Иристони адæмон артисткæ Туменати Еленæ Степани кизги рохс ном. Сæрди (7 июни) æ райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1919 – 2005). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 2-3-аг фæрстæбæл.

ЗÆРДÆБÆЛДАРÆН ЦАУ




## ЕЦИ ТУГЪД ДÆР НИН ЦИТГИНÆЙ ИМИСУЙНАГ ÆЙ ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ...

Нæ газети айразмæ рауагъди куд финстан, уотемæй 30 ноябри исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи, советон-финнаг тугъд ку райдæдта, уобæл (райдæдта 1939 анзи 30 ноябри æма фæцæй 1940 анзи 12 мартъий). Нæ бон æй федарæй уотæ зæгъун, æма еци тугъд æй нæ Фидибæсти анзфинсти ахсгиаг æма зæрдæбæлдарæн цау.

Мах нæ газети айразмæ рауагъди ниммухур кодтан, еци тугъди не ‘мзæнхон архайгутæй цалдæрей имисуйнæгтæ, абони ба уæ зонгæ кæнæн еци тугъди туххæй еумæйаг æрмæги хæццæ (6-7-аг фæрстæбæл).

СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..




## ПОЛК ЖДЕТ СВОИХ БОЙЦОВ

В Северной Осетии увеличивают сумму единовременной выплаты при заключении контракта в Вооруженных Силах Российской Федерации.

Граждане, заключающие контракт с Министерством обороны РФ с 1 декабря 2024 года и вступающие в 166 мотострелковый полк (штурмовой) имени генерала армии, дважды Героя Советского Союза, Героя Монгольской Народной Республики И.А.Плиева с 1 января 2025 года дополнительно будут получать по 1 млн. рублей из республиканского бюджета.

Постановление Правительства РСО-А вступило в силу с 3 декабря 2024 года. Граждане единовременно получат выплату в размере 1 800 000 рублей.

В сумму финансовой поддержки входят выплата от Минобороны РФ для службы в зоне специальной военной операции в размере 400 тыс. рублей, региональная выплата – в размере 400 тыс. рублей. Ежемесячное денежное довольствие от 210 тыс. рублей.

Для заключения контракта на военную службу по призыву и вступления в Полк им. И.А. Плиева обращаться в Пункт отбора на военную службу по контракту по адресу:

**г. Владикавказ, ул.Титова, 5. тел: (8672)76-83-75.**

***ТУМЕНАТИ Еленæ: «Мæ уарзон театрæн мæ уой бафæдзæхсун фæндуй: зæрдæн, зундæн ка неци дæттуй, уæхæн пьеситæ ма æвæретæ. Дæсни, фæлтæрдгун актер си ку гъаза, уæд пьеси лæмæгъдзийнадæ банхæст кæндзæнæй æ искурдиадæй... Фал цанæбæрæг фæууиндгундæр уодзæнæй будургъæ, е 'мпъузæн зæлдагæй ку уа, уæддæр?..»***


ТУМЕНАТИ Еленæ æма БАЛЛАТИ Валоди (спектакль «Пæси фæндон»)

# УАРЗТ ÆМА МАСТ



**БÆЦИАТИ Агудз**
(1934-2004)
аййевадæртасуйнади кандидат, публицист

Терки хуæдбилгæрон лæууй минкъий уорс хæдзарæ. Æзнæт уолæнтæ имæ кæрæдзей сæрти хаугæ лæборунцæ. Фал дзæгъæли, ранихъуæрун æй нæ фæразунцæ æма æмбохгæ сæ над ракæнунцæ идарддæр. Хæдзари фæрстæбæл райзайунцæ сæ пурхæнтæ æма рæвдаугæ медбилти ходунцæ хори тунтæмæ, дони æнæзæрдæ миути туххæй хатир корæгау.

Терки уолæнти гъазтмæ къæразгæй нимдзаст æй æригон кизгæ. Устур сау цæститæ зудæй нихъуæрунцæ се 'знæт сæрбехъулæнттæ. Уоййасæ дестæгæнгæй сæмæ кæсуй, æма æ даргъ тасагæ æнгулдзитæбæл æ фæлмæн къæбæлдзуг дзиккотæ куд тохуй, уой, æвæдзи, лæдæргæ дæр нæ кæнуй.

– Ленæ! – зæгъгæ, цалдæр хатти бæргæ райгъустæй æндаг уатæй...

Фал æй кизгæ игъосгæ дæр нæ фæккæнидæ. Уомæ 'й нæ евдæлуй. Æ зунд æма æ зæрди сæнттæ уолæнти айдæни уинунцæ дессаги хузтæ. Æ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ цалдæр анзей размæ устур царди дуарæй куд резгæ бахизтæй, еци бæнттæ. Мадзора, æ алли загъдæй дæр æфсæрми кодта, адæймагмæ комкоммæ бакæсун дæр не 'ндиудта. Уотемæй æй артисткæ исун фæндадтæй! Нур фæцæнцæ ахури æнзтæ, æма райдæдта театри косун. Изæри фиццаг хатт дзилли размæ рахездзæнæй æ аййевадæ.

«Куд дессаг æма бæллеццаг æй артисти куст?! – гъуди кæнуй Ленæ. – Царди ци дæ, е ди бустæгидæр феронх уæд. Æнæ мардæрцудæй гъарæнгитæ кæнæ... Дæ зæрдæ хъурмæ ку кæна, уæддæр ходæ!.. Уотæ домуй артисти куст».

Æвваст фескъудæй гъудити халбид. Уолæнти зар æ гъостæбæл хъæбæрдæр рауадæй. Уотæ имæ фæккастæй, цума къæразгæ 'рбарæмугътонцæ æма уати тугур нуртæккæ исрæмодздзæнæнцæ, сæ гъæбеси 'й фæлмæн æрбатохдзæнæнцæ æма 'й фæххæсдзæнæнцæ денгизи тугъдадæмæ. Уолæн уолæни соруй... Еу гъуди инней æййевуй. Æвваст дони уорс барцæ фæффæлорс æй, идардæй-идарддæр кæнуй, æма се 'хсæнæй разиндтæй æвзугъд Олеко Дундичи сорæт. Таутиати Солæмани Олеко!.. Парахат медбилтихудт, рæвдаугæ дзубанди Гали хæццæ. Тар æрфгути бунæй мингай зæлтæй зарæгау ка худтæй уарзон кизги хæццæ дзоргæй, еци хъоппæгъ цæститæй ракалдæй масти цæхæр. Стайау æхе фехста, æма ма кизги гъостæбæл рауадæнцæ Олекой федар гъæлæси зæлтæ: «Размæ, æмбæлттæ, размæ!»

«Гъо, Солæман-Дундич знаги хæццæ тугъди арт æй, домбай, цæхæрцæстæ, Терки уолæнтау æзнæт, – гъуди кæнуй Ленæ. – Галяй хæццæ ба рæвдаугæ, сабур, фæлмæн, ходæндзæстæ æма парахат сабур денгизи уолæнтау. Дундич æзнæт хуæнхон дони уолæнти хузæн æй? Æма уæд Галя ба? Е ба гъæуама уа цъетей ирд сауæдонæ. Айнæги æфсæн къæйтæбæл скъæруй форди уолæнтæмæ æма 'й етæ сæ гъæбесмæ райсунцæ рæвдаугæ. Галя гъæуама хуæнхон сауæдонау фæлмæн æма райдзаст уа, гъæуама Дундичи домбай зæрди содзагæ уарзти арт уадза, гъæуама ин æ гъигæбæл гъигæ кæна, æ цийнæбæл ба – цийнæ. Галя æ рæсугъд уарзтæй Дундичбæл гъæуама базуртæ садза мæргъти хæццæ тæхунмæ, знаги хæццæ карз тохи ин æ тухæбæл тухæ æфтауа, æ домбай реу уарзондзийнади цæхæртæй æндонау исфица, цæмæй æ кард ма кæрда, нæмуг си ма хеза».

Уæхæн ихæс ин æ размæ æрæвардта режиссер, уæхæн уавæртæмæ амидин кæнуй Таутиати Солæман Лени.

Æризæр æй... Артисттæ искодтонцæ сæ уæледарæс... Еу дзæнгæрæг, дуккаг, æртиккаг... Æвæдзи, æма Лени зæрдæ æхе фæрстæбæл куд хуаста, уой балæдæрдтæй Солæман æма имæ медбилти бахудтæй. Кизги зæрдæ циуавæрдæр нифсæй байдзаг æй, кумæдæр фæллигъдæй тас, æндиуддзийнадæ æ къабæзти рагъазта.

Фæйнердæмæ фæццудæй æмбæрзæн... Райдæдта спектакль... Еу сценæ инней æййевуй... Ленæ æнæгъæнæй ранигъулдæй Гали царди тумугъти. Раргом æй кизги искурдиадæ, райгон æнцæ æ зæрди сосæгдзийнæдтæ.

Фæцæй спектакль... Тухгин къохæмдзæгъд... Деденгутæ... Кæдзосзæрдæ арфитæ кодтонцæ Ленæн æ фиццаг къахдзæфти туххæй æ ахургæнгутæ, хестæр артисттæ. Фиццаг къахдзæфтæ... Фæндарасти арфитæ... Кизги цийнæйдзаг сагъæстæ æма цæстисугтæ... Циуавæрдæр устур ихæс...

Еци бон ирон театрмæкæсгутæ базонгæ 'нцæ нæуæг искурдиадæгин артисткæ Туменати Лени хæццæ. Еци бонæй фæстæмæ, нур фондз æма инсæй анзи искурдиадæгин артисткæ æ зæрди цæхæрæй лæггадæ кæнуй дзиллитæн.

Фиццаг къахдзæф æнтæстгин рауадæй. Фал уой хигъд æ рази æрæвардта никки вазуггиндæр æма устурдæр ихæстæ: «Гъæуама мæ ахургæнгути, адæми фудæнгъæл ма фæккæнон».

Туменати Ленæ е 'ригон бонти ци сорæттæ исаразта, уони 'хсæн зингæ бунат ахæссуй Пæсæ. Ка нæ зонуй ирон адæмæй аци ном? Кизгæ æ кари бацæуй, æ рæсугъддзийнадæй уосгорти хуссæг идардмæ ку фæссоруй, æвзугъд лæхъуæни хъаурæбæл хъаурæ, æхсарæ æма нифс ку фефтауй, хуæнхаг фиййауи болæмæргъæ ку низзарун кæнуй, уæд æй фæххонунцæ Пæсæ.

Ка 'й Пæсæ? Уосгор æ ходæ æ цæститæбæл дæлæуæзæ ку хаста, киндздзон кизгæ æ медбилхудт, æ цъухи дзурд «æвгъау» ку кодта, еци дзамани Æрæдони седзæргæс силгоймаги хæдзари исæвзурдæй деденæг. Мадæ æхсæвæй-бонмæ æнгъæлмæ кастæй æ райрæзунмæ, цийнæй уагъта æ зæрди мæститæ, авдæнгъæдæбæл æнæхуссæг æхсæвтæ æрвиста. Райрæзтæй, адæми рæнгъæмæ рацудæй Пæсæ. Гъазти 'й фæууидтонцæ уосгор лæхъуæнтæ æма се 'нцойнæдзийнадæ фесавдæй, æхсæвæ сæ хуссæг нæбал ахæссуй. Уайунцæ уосгортæ хонхæй будурмæ. Алкедæр си фæндуй деденæг æ хæдзарæмæ фæххæссун. Гъо, фал еци деденæг æ берæ уосгортæй равзурста айдагъдæр еу – Хæдарцати Æхсарбеги.

Зæрдæ хевæндæ 'й. Æхсарбег кæд мæгур æй, уæддæр е 'фсармæ æма е 'гъдауæй басаста кизги зæрдæ æма си цæрæнбонтæмæ ахæстдонæ искодта.

Туменати Ленæ æхе хъæбæр арæхстгинæй равдиста аци дууæ ролеми лирикон артисткæй. Фал кæд Галя æма Пæсæ еу æгъдаубæл, гъома, уарзæгой кизгуттæ æнцæ, уæддæр сæ артисткæ еухузонæй нæ гъазта. Галя æ уарзтæй кодта нифсхастдæр, топпихуаси тæфæй нæ тарстæй, æ амонди сæрбæлтау, ку багъудайдæ, уæд мæлæт дæр райстайдæ.

Бустæги æндæр адæймаг æй Пæсæ. Е æй фæлмæн, æнæндиуд, ка 'й зонуй, æма гиризгæнагæ Цола, «сайтæнтти фæддзæгъдæн» Сæлимæт тох ку нæ исамадтайуонцæ Пæси амондбæл, уæд талингæ æгъдæутти амæттаг фæцайдæ.

Галя æма Пæсæ дзорæг æнцæ артисткæ лирикон сорæттæмæ дæсни ке арæхсуй, æ фадуæттæ аци æгъдауæй ирон театри æригон фæлтæртæн фæнзуйнаг ке 'нцæ æма сæбæл гъæуама ахур кæнонцæ.

Еувæрсуг нæй Лени исфæлдистадæ. Ци берæ рольти рагъазта, уонæй алкæмæн дæр адтæй æхе меддуйне, кæрæдземæй син ес æнцонæй рартасæн.

Никки бæрзонддæр исхизтæй Туменати Ленæ драматикон рольти гъазгæй. Сæ еугурей туххæй нæ дзордзинан, фал нæ цæстæ рахæссæн Лени гъазтбæл Хетæгкати Къостай «Фатимæ»-йи.

Цæйбæрцæ рæсугъд хуарæнтæ иссеруй артисткæ алли сценæбæл дæр. Наиби хæццæ – уарзон бæдолæ, уарзон кизгæ; Ибрагими хæццæ – царди æцæг æмбал; æ хъæболи хæццæ – уарзагæ мадæ. Мадæ?.. Гъо, нур артисткæ бацудæй агъазиау æма бæрнон ихæси. Ами фагæ нæй уарзон кизги æнкъарæнтæ равдесун. Æма артистки реуи райгъал æнцæ мади рæсугъд æнкъарæнтæ, еузæрдиуондзийнадæ æ цардæмбалмæ. Фатимæмæ уотæ кæсуй, цума æнæгъæнæ дуйнебæл уомæй амондгундæр нæййес, цума 'й хор иннæ адæмæй фулдæр тавуй. Фал æрцудæй агъазиау бæлах. Хорбони арв нигъгъæр кодта. Фæззиндтæй Джамболат. Цард æй феуурста, еугур дуйнебæл æ къох исиста æма ма имæ байзадæй хеуарзондзийнадæ. Фехалдта уарзон бийнонти цард. Рамардта Ибрагими. Хуæнхон сæгутау нирризтæй Фатимæ. Фæццудæй æ зунд. Е æ гъарæнгæй нирреzун кæнуй айнæг къæдзæхтæ, сæ цæстисуг æнæвгъауæй æркалунцæ æносон цъететæ, арауй хуæнхти мади зæрдихалæн кæун.

Уотæ Туменати Ленæ исхизтæй æ бæллеццаг нади уæлдæр къæпхæнмæ. Æ размæ ци устур æма вазуггин ихæс адтæй, е æ къохи бафтудæй, фæббæрзонддæр æй æ арæхстдзийнадæ.

Æма бабæй нæуæгæй размæ! Нæуæг исфæлдистадон фембæлдтитæ, нæуæг æма нæуæг адæмти хъисмæтæй цæруй Ленæ.

Туменати Лени исфæлдистади бæрзонддæр уæлиндзæй нуртæккæ фæлгæсунцæ дууæ домбай силгоймагей сорæти, – Медея æма Нинæ Инали кизгæ.

Еврипиди трагеди «Медея» кæд недзаманти финст æрцудæй, уæддæр абони уæнгæ æ ахедундзийнадæ нæ фæнниллæгдæр æй, нæ рахустæй æ зинг.

Ленæ, Медеи роли гъазгæй, исхизтæй трагедий уæлдæр къæпхæнтæй еуемæ. Уомæн ин устур агъаз бакодтонцæ æ фæлтæрддзийнадæ æма æ кари хъаурæ. Туменати Лени Медея æй хъаурæгин ниййерæг, никки хъаурæгиндæр ба 'й уарзæгой силгоймаг. Уомæн æ федар зæрди гъæбесæйхуæст ракодтонцæ мадæ æма адæймаг-силгоймаг.

Адæймаг-силгоймаг тох кæнуй, цæмæй æ рæсугъд æнкъарæнтæ гъазуйнаг ма исуонцæ æма фæууæлахез æй ниййерæгбæл. Агъазиау этикон фарста: силгоймаг æ гъудитæй, е 'нкъарæнтæй дæлдæр нæ лæууй, æма 'й дæлдæр ка кæнуй, уонæй æ маст райсуй æнæхатирæй, кæд æхе зæрди уедæгтæ рарæдовуй, уæддæр.

Бустæги æндæр хузи æвдесуй Ленæ Нинæ Инали кизги спектакль «Мади зæрди».

Фондз æма инсæй анзи артисткæ ци берæ фæрæзнитæ æма мадзæлттæй куста, фондз æма инсæй анзи ци берæ адæймæгути хъисмæттæ равдиста, уонæбæл, æвæдзи, æ цæстæ рахаста, æвзурста син сæ тæккæ ирддæртæ æма уони хæццæ æрлæудтæй лæгæй-лæгмæ Нинæ Инали кизги хæццæ.

Зин адтæй, уæхæн фæлмæнзæрдæ, фал федар силгоймаги сорæт исаразун. Туменати Ленæ драматикон хузи ци сорæттæ исаразта уонæн сæ хуæздæртæй еу æй Нинæ Инали кизгæ. Тугъд ин райста æ цардамонд. Æнафони седзæргæсæй исгъомбæл кодта æхе фурт Хъазбеги, æхе бæдоли хузæн уарзта æ кæнгæ биццеу Алексейи. Хуæрдæ æма сæ уæледарæсæй цох нæ уагъта. Дуккаг бæлах æрцудæй, мадæ, мæ зинтæн кæрон æрцудæй, зæгъгæ, ку загъта, уæд Хъазбег æ нецæййаг уоси сæр райста æма феронх кодта мади. Фал бабæй уæддæр фæразуй. Нæуæгæй бабæй æ уæлгъос æрбалæудтæй æнамонддзийнадæ. Алексейæн фæззиндтæй е 'цæг мадæ. Еуцæйбæрцæдæр æ гъудитæ никъкъехтæ 'нцæ, сæ райхалун æ бон нæй, фал бабæй ами дæр фæууæлахез æй адæймаг, агъазиау кæдзосзæрдæ.

Уæхæн арф психологон гургъахъ нæдтæбæл рацудæй силгоймаг æма æ сорæт некæд феронх уодзæнæй театрмæкæсгутæй. Нинæ 'й советон уодигъæдæй хайгин силгоймаг.

Туменати Ленæ нуртæккæ æй исфæлдистадон тухи, æ хор арви астæумæ иссудæй. Берæ рæсугъд тунтæ бауафдзæнæй нурма!

***1965 анз.***

**Граждайнаг авиаций Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæуй 7 декабри. Аци къабази косунцæ не 'мзæнхонтæй дæр беретæ, æма син зæрдиуагæй арфæ кæнæн сæ бæрæгбони фæдбæл.**


ТУМЕНАТИ Еленæ æма УАТАТИ Бибо (спектакль «Чермен»).


ТУМЕНАТИ Еленæ æма ТÆБÆХСÆУТИ Бало (спектакль «Отелло»).

# ПÆСÆЙИ НОМÆЙ ИМÆ ДЗУРДТОНЦÆ



**КЪУМÆЛЛÆГКАТИ Мурат**
(1943-2018)
Ирон театри актер

Æ ис фæлдистадæ адæми зæрдити арф æнкъарæнтæ ци финсæг, композитор, хузæгæнæг ниууадзуй, уой туххæй зин дзорæн фæууй. Уонæмæ хауй Уæрæсей Федераций адæмон артисткæ Туменати Еленæ дæр. Ирон сцени ци æнтæстгин къахдзæфтæ ракодта, адæми зæрдити ци арф æнкъарæнтæ ниууагъта, уони Иристони театрдзаутæ хуарз гъуди кæнунцæ. Уæдта айдагъ Иристони нæ, фал синхон Кæсæг-Балхъари, Цæцæн-Мæхъæли, Ленингради, Мæскуй, Калаки, Горькийи, Душанбей æма берæ æндæр сахарти.

Сценæбæл ци сорæттæ исаразта Ленæ, уонæмæ сæрæй бунмæ ку æркæсæн, уæд цума нимад кæд фæуугодзæнæнцæ! Сæдемæй дзæвгарæ фулдæр æнцæ. Уони 'хсæн ес – трагеди, драмæ, комеди, фарс æма ма саæнгæ гротеск дæр. Нæ минкъий уадзимиси сæ еугур нæ бацæудзæнæнцæ. Æрлæууæн си сæ сæйрагдæртæбæл... Бердзейнаг драматург Еврипиди æнæмæлгæ хъæйтартæ рагæй цæрунцæ дуйней берæ театрти сценитæбæл. Недзамантæй нури уæнгæ Еврипиди хъæйтартæ берæ æвзæгтæбæл исдзурдтонцæ. Адæмти зæрдити иссугътонцæ цæхæр арт. Исдзурдта Медея иронау дæр. Рахаста адæми размæ æ цийнæ æма гъигæ, æнæкæрон уарзт æма æнæкæрон æнæуинондзийнадæ. Æримисæн спектакль æма имæ æркæсæн...

...Ка 'й Медея? Е фиццагидæр æй хъаурæгин мадæ, уомæй тухгиндæр ба æй уарзæгой силгоймаг. Æгæрон уарзтæй бауарзта Ясони (Ясон – Тлаттати Бексолтан) – фæйййервæзун æй кодта мæлæтæй. Æ уарзондзийнадæ, хуæнхон сауæдони хузæн никки хъæбæрдæр исæмбухта цæуæти фæззинди фæсте. Фал æрцудæй бæлах. Айдагъ уарзунæн ка равзурдæй аци дуйнемæ, еци æнæхийнæ кæдзосзæрдæ силгоймагбæл æрцудæй сайд. Æ кæдзос уарзтбæл ин æ цардæмбал Ясон бацудæй цъифæ къахæй. Е райеуварс кодта уарзæгой зæрдæ, равзурста мулк æма ракурдта паддзахи кизги. Медеяй зæрди кæрæдзей хæццæ тох кæнун райдæдтонцæ мадæ æма адæймаг-силгоймаг. Æма фæууæлахез æй адæймаг-силгоймаг. Кæддæр æ цæуæти фæлмæн уорс къохтæй ка рæвдудта, сæ рæвдаунæй æфсес ка нæ зудта, еци къохтæ тоги исæвдулдæнцæ. Исгъæла æй Медея. Рацудæй адæми размæ гъарæнгæгæнгæ тогæйдзаг къохти хæццæ. Æ цæстити бакаст – цæф сирди цæстити хузæн. Æ тæрегъæддаг карнæмæ кæсгæй, лæги зæрдæ реуæй рацæйтонуй. Арв дæр ниннæруй æма æ «цæстисугтæ» æркалуй...

Ленæ Ирон театри искурдиадæгиндæр актриситæй еу ке адтæй, е бæлвурд æй. Уобæл дзорæг æнцæ, Ирон театри сцени ци æнæмæлгæ сорæттæ исаразта, етæ. Еу æма дууæ театрдзауей зæрдитæ нæ барохс кодта æ аййев исарæзт сорæттæй, абони дæр ма цæстити размæ лæуунцæ.

...1941 анз. Еци тогуарæн бони æрбакъахдзæф кодта Ленæ Ирон театри къæсæрæй. Уæдæй æ фæстаг исуолæфти уæнгæ æ карнæ æндон рæхисти цæгтау баст адтæй театри хæццæ. Профессионалон сценæмæ ку рахизтæй, уæд æ фиццаг къахдзæфæй фæстæмæ адтæй адæмæн уарзон актрисæ. Æ фиццаг куст ба адтæй Ири стъалу Таутиати Солæмани хæццæ. Е адтæй Галяй фæлгонц «Олеко Дундичи». Æма уæд раргом æй актриси агъазиау искурдиадæ...

Ленæ ирон сценæбæл ци сорæттæ исаразта, етæ, ке зæгъун æй гъæуй, тухгин адтæнцæ, фал, фал... Сæ еугуремæн дæр æмбæрзæн иссæй Пæсæ... Уомæн, æма Пæсæ адтæй ирон силгоймаг, ирон фарнæхæссæг кизгæ... Агъазиау уаргъ æрбахаста Туати Дауит ирон аййевадæмæ. «Пæсæйы фæндон» – ирон классикæ! Æма æмбæрзæн ба цæмæн? Уомæн æма ма имæ æ лæги кари дæр Пæси номæй дзурдтонцæ театрдзаутæ Ленæмæ. Уомæн æма хъæбæр арф ниххизтæй адæми зæрдитæмæ. Фал ка 'й Пæсæ? Пæсæ æй хумæтæги ирон кизгæ, хуæнхон деденæг, сæумон хори тунæ, æ фæлмæн загъд, æ медбилтихудт, æ фæлмæн цæстингас адæймаги хезунцæ иннердæмæ.

Аци роли фæсте цубур рæстæгмæ Ленæ æрлæудтæй театрти раззагдæр актерти æмрæнгъæ. Берæ исаразта æ уарзон сцени æнæмæлгæ, адæми зæрдитæмæ арф ка ниххизтæй, уæхæн фæлгонцтæ. Райсæн Туати Дауити «Аргъау». Аци спектакль ка фæууидта, етæ ма хуарз гъуди кæндзæнæнцæ, хуæрзгъæдæ, алцæмæй дæр æнхæст Гюльзефири. Аргъауи медæги актер ахид рахезуй царди æцæгдзийнадæй, фал ами Ленæ æхе уомæй багъæуай кодта. Тæссонд надбæл нæ рандæй. Æма нин исаразта рæсугъд æма зæрдæмæдзæугæ ирон кизги сорæт.

Актерти ахид фæффæрсунцæ, дæ уарзондæр роль ба кæци æй, зæгъгæ. Æма си уарзон ба кæци нæй? Алли сорæт дæр си зæрди тæгтæй райгуруй. Алли сорæтæн дæр æхе хуарæнтæ фæууй. Фал зæрди арф римæхст фæууй циуавæрдæр сосæгдзийнадæ, бæллундзийнадæ æнæмæлгæ сорæт исаразунмæ. Æ фунти дæр уой фæууинуй. Лени зæрди дæр арф римхæст адтæй еу сосæгдзийнадæ... Ехх, æма Дездемони роли рагъазæ. Фал ка 'ндеуй. Бало – Мавр – Хъариати Тамарæ – Дездемонæ. Æма куд, ка æндеуй?! Фал бандиудта Ленæ. Æма æ бæллец исæнхæст æй. Аци рольбæл косгæй æ фарсмæ 'рбалæудтæй искурдиадæгин актрисæ Хъариати Тамарæ.

Уой размæ кустити хæццæ рабаргæй Дездемони сорæт адтæй æнтæстдзийнадæ. Дездемонæ – Ленæ адтæй æнæхийнæ, хуæнхон ирд сауæдонæй кæдзосдæр – тухгин æ уарзондзийнадæ Отелломæ. Фæндадтæй æй, цæмæй æ цардæмбал алкæддæр адтайдæ амондгун, цæмæй кæрæдзебæл уонцæ æновуд. Лени Дездемонæ бакæсгæй куд рæсугъд адтæй, уотæ рæсугъд адтæй уодигъæдæй дæр. Цардбæллон, кæдзосзæрдæ адæймаг. Фæлмæн, зæллангæнæгæ гъæлæс, æ фезмæлд арæхстгин.

Дездемони фæсте ба нæуæгæй Шекспир – Корделия, Макбет – Леди Макбет. Уотæ ирæзтæй Лени дæсниадæ берæ æнзти дæргъи, цудæй еу уæлахезæй иннемæ.

Зундгонд драматург Хъайттати Сергейи пьеситæй Ирон театр берæ исæвардта сценæбæл. Фал си, мæнмæ гæсгæ, «Мади зæрдæ»-й тухгиндæр нæ адтæй. Ке зæгъун æй гъæуй, аййевадон æгъдауæй хуæрзгъæдæ сорæтбæл æнцондæр фæууй косун. Фал ами драматург Лени размæ исæвардта агъазиау ихæс. Райхалун гъудæй драматурги гъудий сосæгдзийнæдтæ. Сæйраг хъайтармæ ци цæстæй кæсуй æма си циуавæр æлхинцъитæ баримахста, етæ. Актер æма драматург кæрæдзей ку балæдæрунцæ, уæд æнцондæр фæууй косун. Æма разиндтæй аци актрисæмæ еци искурдиадæ. Балæдæрдтæнцæ кæрæдзей æма Ленæ рахаста театрдзаути размæ, нури уæнгæ ирон сценæбæл ци нæма адтæй, мади уæхæн фæлгонц. Зæрдæмæдзæугæ, цæрæнбонти рæвдуд ка нæ фæууидта, уæхæн мади фæлгонц. Е адтæй режиссер, драматург æма искурдиадæгин актриси уæлахез.

Ленæ Ирон театри сценæбæл ци сорæтти рагъазта, етæ сæдемæй фулдæр æнцæ. Ци рольти рагъазта, етæ 'нцæ аллихузон: Гертрудæ – Васантанесса «Белый Лотос», Сæниат – Хубецти Р. «Сау чызг», Дибæ – «Æфсымæртæ»-йи, Азау – «Чермен»-æй, Фатъимæт – «Фатъимæт»-æй Къоста, Ханбекер – «Бæтæйы фырттæ»-йи, Бернардо – «Æлгъыст хæдзар»-æй Лоркæ æма берæ æндæртæ.

Еуæй-еу актертæн хъисмæт бацæуй берæ хуæрзти. Уонæй еу æй Тлаттати Бексолтан. Е Лени хæццæ берæ æнæмæлгæ сорæттæ исаразта. Уони хæццæ – «Макбет» – Шекспир, «Отелло» – Шекспир, Кассио – Еврипид, «Медея» – Ясон æма æндæртæ.

Тлаттати Бексолтанæн Лени хæццæ адтæй хъæбæр æнцон косæн. Уæдта зин. Æхуæдæг куд æнæхийнæ куст кодта, уотæ агурдта уонæй дæр. Æ алли фезмæлд дæр Ленæн сценæбæл адтæй аййев æма зæрдæмæдзæугæ. Райсæн, «Медея» сувæллæнтти кæми рамаруй, еци сцени адæми размæ цæф сирдау богътæгæнгæ пихцил сæрæй ку рацæуй æма æ тæрегъæддаг монолог ку дзоруй, уæд мæхецæн мæ сæригъунтæ исхъел унцæ æма барæ-æнæбари цæстисугтæ 'ркæлунцæ. Адтæй цæстуарзон, æ кустбæл æновуд, кæстæртæбæл ауодагæ. Уомæн æрбахаста Ирон театри къæбецмæ уойбæрцæ бæркадгин фæллойнæ, уомæн ниууагъта Ион театралон аййевади уæхæн рохс фæд...

Ленæ, Ленæ, Ленæ! Нæхе Пæсæ, нæхе Дездемонæ, нæхе Медея, Фатъимæт, Азау, Думбадзей Нана, Лорки Бернардо. Нæ леди Макбет, нæбал дæ не 'хсæн, фал ду махæн нæ рамардтæ, Æрфæни фæдау байзадæй дæ фæд æгæрон цъæх арвбæл æма нæмæ Бонвæрнонау æрттевдзæнæ арви тугъдадæй. Цæрис æма цæрæнбонтæмæ дæр цæрдзæнæ адæми зæрдити...

*Ды уыдтæ æмæ уыдзынæ*
*Ды цæрыс æмæ цæрдзынæ...*

**Уæрæсей Федераций Конституций Бон бæрæггонд цæудзæнæй 12 декабри. Еугурадæмон гъæлæскæнуйнадæй федаргонд æрцудæй 1993 анзи 13 декабри.**

*АЙЛАРТИ Измаил (1924-2018), финсæг: «Мах адæммæ биййонти фарни хæрзтæ лæудтæнцæ æности дæргъи æгъдауæй æма тогæй хæстæгади тæгтæбæл, æма еугур æфсæрмиаги хузтæ-лæггæдтæ ахедудтонцæ дууердæмæ хæстæгади гъомусæй... Хестæрæй-кæстæрмæ, нæлгоймагæй силгоймагмæ биййонти*

# «АМИ КОСГÆ КА НÆ КÆНУЙ, УОМÆН ХУÆРУЙНАГ НÆ ДÆТТУНЦÆ!..»

***Нæ абони цардарæзти нин сагъæссаг ци берæ фарстатæ исунцæ, уонæн, махмæ гæсгæ раст зундамонæнтæ иссерæн ес нæ рагфидтæлти таурæхътæ æма æгъдауæвæрдтити. Уотæ дæр нæмæ кæсуй, æма нæ абони «зундамонгутæ» нæ фидтæлти уодварни хæзнадонæмæ ахиддæр ку кæсиуонцæ, уоми ци зундамонæн фæдзæхститæ ес, уонæмæ гæсгæ сæ зæгъуйнæгтæ ку аразиуонцæ, уæд сæбæл дзиллæ хъæбæрдæр æууæндиуонцæ, нæ царди хабæрттæ дæр берæ рæвдзæдæрæй цæуиуонцæ. Мæнæ абони ци рагон таурæхъ мухур кæнæн (æ радзоргутæй æй ниффинста МЕДОЙТИ Женя), уой бакæсайтæ – уотæ нæмæ кæсуй, æма ’й балæдæрдзинайтæ, нæ зæрди цæмæ гæсгæ æрæфтудæй, уой…***

Раги æма раги еу гъæуи цардæнцæ мадæ æма фурт. Сæ царди фадуæттæ бустæги мæгур, æгудзæг. Ци сæмæ адтæй, е айдагъдæр дууæ гали æма зæнхи гæппæл… Гъе уотемæй сæ царди хабæрттæ кодтонцæ, сæ тухамæлтти хъиамæтæй сæхе дардтонцæ. Уæд дин еу уæхæни мадæ ку ‘рбасæйгæ уидæ æма хуссæнмæ ку бахауидæ. Фуртæн дæр ма ци гæнæн адтæй, æ мади уавæр уотæ адтæй, æма имæ еудадзугдæр зелун гъудæй, кустмæ дæр æй уотæ нæбал евдалдæй æма сæ уавæр бустæги æдзæллагмæ цудæй, ци бахуардтайуонцæ, е сæмæ нæбал адтæй. Мадæ, кæд уæдмæ æ хуссæнæй рахезун æма еуминкъий цидæртæ архайун фæразун байдæдта, уæддæр æнхæстæй косæг адæймаг ба нæбал адтæй… Æма еци уавæрмæ кæсгæй, куд нæ тухстайдæ.

Еууæхæни ба æ фуртæн уотæ зæгъуй:

– Биццеу, ци бахуæрæн, е нæмæ нæбал ес, æма галтæй еу равгæрдæ.

– Æма ма уæд нæ зæнхæ ба цæмæй хумæ кæндзинан?

– Ести мадзæлттæ кæндзинан, фал нур ба мæмæ байгъосæ…

Мæгур лæхъуæнæн ма ци гæнæн адтæй, еу кадæртæ ма ин фæййагъаз кодтонцæ, уотемæй гал равгарстонцæ…

Уалдзæг ралæудтæй. Лæхъуæн бавналдта æ зæнхи гæппæл хумæ кæнунмæ. Уотемæй æй фæууидта еу гъæздуг лæг. Уомæн æ берæ галти ’хсæн еу æнахъæл гал адтæй. Аци лæхъуæни еу галæй хумæгæнгæ ку фæууидта, уæд æй хинцфарст ку ракæнидæ:

– Еу галæй хумæ кæнун дин зин нæй?..

Ци гъæуама загътайдæ æригон хумгæнæг, æ тухст уавæр уотемæй дæр бæрæг ку адтæй.

Гъæздуг лæг ин æ дзуапп дæр нæ бахизта, уотемæй ин рафæдзахста:

– Изæри мæмæ æрбауайæ æма дæмæ хуми рæстæги еу гал ратдзæнæн...

Изæригон, æ уалдзигон куститæ бакодта, уотемæй биццеу гъæздуги хæдзарæмæ бацудæй… Нæ зонæн, ци дзубанди сæмæ рауадæй хæдзари хецауи хæццæ, цæбæл бадзубанди кодтонцæ, уой – цидæр адтæй, уæддæр еци тургъæй æригон иуазæг рацудæй, гал си ратардта, уотемæй. Кæнгæ ба ракодта, мæнæ минкъий раздæр ци æзнæт гали кой искодтан, гъе уой. Дуккаг бон æй æхе гали хæццæ исефтигъта, æма уотемæй дууæ галемæй райдæдта хумæ кæнун. Гъæздуг лæги гал ин хъæбæр гъезæмæрттæ бавзарун кодта, фал æй уæддæр æртасун кодта.

Гъæздуг лæг уой ку фæууидта, уæд рагъуди кодта: «Аци лæхъуæн мин ме ’нæсæттон гал ку æрсабур кодта, кустбæл æй ку бафтудта, цæй æма ин мæ зийнадæгæнагæ кизги раттон, кæд уой дæр косунбæл исахур кæнидæ».

Лæхъуæнмæ бацудæй æма загъта:

– Цидæр æвзугъд лæхъуæн дæ. Изæри мæмæ дæ минæвæрттæ æрбарветæ æма дин мæ кизги раттон цардæмбалæн.

Будурæй сæхемæ ку ‘рбаздахтæй, уæд æ мадæн радзурдта, гъæздуг лæг ин ци загъта, уой хабар. Мадæ истухстæй, мах мæгур адæм ан, е махæн æ кизги кутемæй æма цæй цæстæмæ гæсгæ ратдзæнæй, уæдта еци гъæздуг биййонтæмæ мæ зæронд дивилтæ уæледарæси куд бацæуон, зæгъгæ.

Фал ин уæддæр ци гæнæн адтæй, еугæр сæ кизги фидæ æхе цъухæй байагурдта, уæд ци рæуонæй гъæуама фæттилеф кодтайуонцæ. Æма изæригон мадæ гъæздуги хæдзарæмæ рараст æй. Фал сæ размæ ку исхъæрттæй, уæд уоми ба никки хъæбæрдæр сагъæсти бафтудæй, тухсуй, гъуди кæнуй, медæмæ сæмæ ци амæлæй бацæуа, уобæл.

Уалинмæ хæдзари хецау æхуæдæг æндæмæ ракастæй æма мæгур уоси ку рауидта, уæд æй рафарста, ка дæ æма дæ ци гъæуй, циуавæр гъуддаги фæдбæл æй де ’рбацуд, зæгъгæ. Уосæ ин къæндзæстугæй загъта:

– Мæнæ мæ мæ биццеу æрбарвиста дæ кизги туххæй.

Дзубанди нæ даргъ кæндзинан, зæгъдзинан айдагъдæр уой, æма гъуддаг фæррæстмæ æйгъæздуг лæг равардта æ кизги мæгур лæхъуæнæн. Æма етæ дæр цардæнцæ, мадта ма син ци гæнæн адтæй... Уæлдайдæр ба – нæуæг киндзæн…

Цæветтонгæ, кизгæ ма е æ фиди хæдзари ку цардæй, уæд æгириддæр неци куста, уомæн æма æнæ уомæй дæр алцидæр, æ боцхаст зæрдæ цидæриддæр байагурдтайдæ, е ин адтæй. Æвæдзи, еци хузи цæруни зæрди адтæй æ нæуæг биййонти ‘хсæн дæр. Æма фиццаг рæстæгути æгириддæр неци куста. Биййонтæй ин уой туххæй уайдзæфтæ неке кодта. Фал хуæрунмæ финги сæргъи ку ‘рбадиуонцæ, уæд æй агоргæ дæр нæ бакæниуонцæ. Ке неци куста, уомæ гæсгæ ин хуæруйнаг дæр нæ лæвардтонцæ…

Еу бон ку адтæй, уæд киндзæ, уати ци къелабæл бадтæй, уой алливæрстæ цъилинæй расæрфтитæ кодта, æма ин уæд… минкъий къæбæри морæ равардтонцæ. Уæдта бабæй фулдæр цидæртæ ракуста æма ин æ къæбæри хай фæффулдæр кодтонцæ. Уæд кизгæ рагъуди кодта, зæгъгæ, анæмæ, æвæдзи, ку неци косай, уæд хуæруйнаг дæр нæ дæттунцæ. Æма райдæдта змæлун, архайун, косун. Рауадæй си æцæг хæдзардзин киндзæ.

Уæд дин еу уæхæни гъæздуг лæг ку исфæндæ кæнидæ, цæуон æма, дан, мæ кизги рабæрæг кæнон, куд цæруй, уой мæхе цæститæй фæууинон, зæгъгæ. Уогæ уой размæ дæр æй æ уосæ дæр æ разæй искодта, фæццо сæмæ æма сæ бабæрæг кæнæ, куд цæрунцæ, уой фæууинæ, зæгъгæ.

Æма рараст æй лæг æ кизги бæрæггæнæг. Æ кизги биййонтæ куддæртæй æригъустонцæ, сæ нæуæг хæстæг сæмæ ке ’рцæудзæнæй, уой, æма сæхе цæттæ кодтонцæ е ’рбацудмæ.

Уалинмæ сæмæ гъæздуг лæг дæр æрбахъæрттæй. Æрбадун æй кодтонцæ кадгиндæр бунати. Биййонтæ змæлунцæ, цидæриддæр гъудæй, уомæй фингæ рæвдзæ кæнунцæ. Иуазæгмæ е дессаг нæ кастæй, дессаги дессаг имæ е кастæй, æма кæддæри магоса кизгæбæл ци ‘рцудæй, е – куд фæззæгъунцæ, цæстæ дæр ибæл нæ хуæстæй, уотæ цурд архайдта зелæнгæнгути хæццæ. Фидæ бадуй æма дес кæнуй. Уалинмæ ин æ кизгæ къосидзаг бодæнтæ æ къохти фæссагъта:

– Мæнæ аци бодæнтæ ракæдзос кæнæ, ами ка нæ косуй, уомæн хуæруйнаг нæ дæттунцæ…

Гъæздуг лæг хабар балæдæрдтæй… Æма еци цийнæйдзагæй фæммийнасæ кодта æ сиахси хæдзари, уæдта райдзастæй æма æнæзæрдæдзоргæй рараст æй фæстæмæ сæхемæ…

* * *

Аци таурæхъ æримисгæй, уой зæгъуйнаг ан, æма сауæнгæ нæ рагфидтæлтæн дæр ахсгиаг адтæй, цæмæй кæстæртæ косунмæ тулаваст уонцæ, цæмæй сæхе фæллойнæй сæхе дарунгъон уонцæ. Уой фæдбæл ма уин уæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзинан еума рагон таурæхъ.

Еу бонгин лæг æрсæйгæ ‘й æма абонти-исонти кодта. Фал мæлун нæ фæразта. Æ фæсте ци берæ мулк байзайдзæнæй, е ци бауодзæнæй, уобæл адтæй æ тухст. Кæмæн æй уадза? Æ еунæг фуртæй æ зæрдæ нæ рохс кодта – магосайæй цæлуарзагæ, æ къох уазал дони некæд ниттулдта. Æма хуарзæн бун ма искæнæ, лæгъузæн бун ма ниууадзæ. Бадзурдта имæ æма ин уотæ:

– Биццеу, тæрсун, мæ бунтæ мин думгæмæ ку ниддарай, фæллойнæн аргъ кæнун нæ зонис. Исон цо æма дæ уоди номбæл сом бакосæ. Æма уæд æз æнæзæрдæдзоргæй рамæлдзæнæн, дæуæн ба – мæ мулк.

Дуккаг бон биццеу рацудæй сæ хæдзарæй. Хеерхæфсæн бунæтти ибæл бон райевгъудæй, уотемæй изæрæй сæхемæ æрбаздахтæй. Мадæ ‘й ревæдæй ку фæууидта, уæд ин еу гæгъæдин сом февардта, дæ фидæмæ ‘й бахæссæ, зæгъгæ.

Фидæ райста сом æма ‘й æнæдзоргæй арти багæлста. Фурт неци исдзурдта, уотемæй æндæмæ фæрраст æй. Фидæ æ фæсте рагъæр кодта:

– Аци сомбæл ду нæ бафудæбон кодтай, мæн дæ бакуст сом гъæуй! Исон æй æрбахæссæ.

Дуккаг бон дæр бабæй биццеу æ рæстæг æнцонæй рарвиста. Изæрæй æ фидæмæ бацудæй, æ мадæ бабæй ин ци сом равардта, уой хæццæ. Фидæ дæр бабæй æй арти багæлста.

Лæхъуæн сагъæси бахаудтæй, уотемæй мæ нæбал ниууадздзæнæй, зæгъгæ.

Æртиккаг бон сæумæраги кустагор рандæй. Кæми ‘й бакуста, куд æй бакуста, Хуцау æ зонæг, фал изæри фæлладæй еу соми хæццæ ‘рлæудтæй æ фиди размæ. Фидæ ин æ бони фæллойнæ райста, æ цæститæмæ ин æдзинæг никкастæй æма бабæй æй артмæ бадаргъ кодта. Лæхъуæн ибæл сирди хузæн æхе ниццавта, ци косис, бон-изæрмæ мæ хед кæбæл фæккалдтон, уой арти амæттаг цæмæн кæнис, зæгъгæ, æма ин сом æ къохæй раскъафта. Фидæ æ медбилти бахудтæй.


Саид-Хусейн БИЦИРАЕВИ конд хузæ «Æрдхуæрдтæ».


Хузæ ист æй социалон хизæгтæй.

***цардиуагæн, тæразæбæл æвæрдау, барæнтæ æма арæнтæ адтæнцæ æфсæрми, æууæнки, хуæрзуодибæсти æма рæстади нисантæ. Хестæртæ цæйбæрцæ ауодудтонцæ кæстæртæбæл, уойбæрцæ лæггæдти син цудæнцæ кæстæртæ. Хестæр ци хуæрзтæ амудта кæстæрæн, уонæй фиста æ ихæстæ...»***





# РÆСТАДИ БУНДОРБÆЛ АРÆЗТ ГЪУДДАГ ХАЙИРДÆР ÆЙ

Кæстæрти куст уарзунбæл ахур кæнуни гъуддаг, уæдта æхсæнади медæгæ фæллойнадон рахастдзийнæдтæ берæ зæрдæмæдзæугæдæр хузи æнхæстгонд цудæнцæ советон цардарæзти рæстæги. Уæд æцæгæйдæр рæстмæ адтæй уруссагау загъд: «Кто не работает, тот не ест!..» Æма цæмæй адæймагæн адтайдæ косуни, æхе фæллойнæй æхе дæр æмæ æ бийнонти дæр фæддаруни равгитæ, уобæл паддзахади ‘рдигæй ауодундзийнадæ адтæй.

Фал уæдмæ рæстæгутæ бустæги фендæрхузон æнцæ, советон доги берæ зæрдæмæдзæугæ æгъдæуттæ ‘рцудæнцæ бунихæлд, уотæ фæллойнадон къабази дæр. Уой фудæй хъæбæр тухст уавæрти равзурдæнцæ – кæмæндæрти æ бон нæй уæддæр ести куст иссерун, кæмæндæрти ба æ дæсниадæмæ гæсгæ аккаг кустбæл фæххуæст ун…

Уæхæн уавæр, еуемæй сагъæссаг æй адæмæн, иннемæй ба зæранхæссæг æй паддзахадæн дæр, уомæн æма кустдæтгутæй беретæ сæ косгутæн федунцæ «сосæггаг» мизд, цæмæй федуйнаг син ка ‘й, еци хъалонтæ æма феддонтæ ма хæссонцæ паддзахадон къазнамæ. Е цæйбæрцæбæл сагъæссаг фарста æй, уобæл еудадзуг дзубанди бæргæ цæуй аллихузон æмбурдти. Зæгъæн, æрæги Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвар Цæгат Кавкази **Юрий Чайки** разамундæй арæзт æрцудæй фæллойнадон рахастдзийнæдтæ хузæнон кæнуни фарстати фæдбæл федералон зилди къамиси урух æмбурд. Фембæлди видеоконференций бастдзийнади фæрци архайдта Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** дæр.

Дзубанди си цудæй, аци анзи фараст мæйей дæргъи Цæгат Кавказаг федералон зилди регионти фæллойнадон рахастдзийнæдти уавæртæ ци хузи рауадæнцæ, уæдта фæллойнадон бадзурдтæ нæ исаразгæй ка косуй, еци адæми «аууонæй» ракæнун æма къабази æндæр фарстатæбæл ци архайд цудæй, уобæл.

Юрий Чайка æ радзубандий куд фæббæрæг кодта, уотемæй еци фарстатæ ахедгæдæр хузи лух кæнуни нисанеуæгæй федералон зилди еугур регионти дæр косунцæ фæллойнадон къабази фарстатæ хузæнонæй æнхæст кæнуни фæдбæл ведомствити ‘хсæн къамистæ. Æ загъд адтæй:

– Федералон Хецауади унаффæй еци къамистæн лæвæрд æрцудæнцæ урух æнхæстгæнæн бартæ, цæмæй сæ размæ æвæрд ихæстæбæл ахедгæ хузи косонцæ. Къамисти архайдæн аргъгонд цæуй, алли регионæн дæр рагацау ци пъланон нисантæ æвæрд æрцæунцæ, етæ къохи куд æфтуйунцæ, уомæ гæсгæ. Уомæй уæлдай, фарстамæ сæрмагонд цæстдард цæуй фæллойни федералон службæ æма æндæр профилон ведомствити ‘рдигæй.

Аци анзи фараст мæйей дæргъи архайди бæрæггæнæнтæбæл дзоргæй, бæрнон ведомствити минæвæрттæ куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй дзуаппон рæстæгмæ федералон зилди регионти рабæрæг æй, «аууони» ка куста, уæхæн 58 мин адæймагемæй фулдæр. Уонæй 53 мин адæймагей нерæнгæ райййивтонцæ закъонмæ гæсгæ уагæвæрдбæл кустмæ. Зæгъæн, 18,5 мин адæймаги сæ кустдæтгути хæццæ бафинстонцæ фæллойнадон бадзурдтæ, 25 мин адæймагей бæрцæ регистраци искодтонцæ хе минкъий кустуæттæ, 9,5 мин адæймаги ба райстонцæ хецæн амалгъони æвдесæндартæ.

Аци æма иннæ фарстатæбæл сæрмагонд пълани бундорбæл косунцæ Уæрæсей фæллойнæ æма социалон гъæуайкæнуйнади министрадæ, фæллойни федералон службæ æма иннæ профилон ведомствитæ. Уоми нисангонд мадзæлттæ къæпхæнгай æнхæстгонд цæунцæ.

Цæгат Иристони уавæрбæл дзоргæй, аци анзи фараст мæйемæ республики рабæрæг кодтонцæ «аууони» ка куста, уæхæн 7,3 мин адæймаги. Уонæй нуриуæнгæ 6,5 мин адæймаги косун райдæдтонцæ закъонæвæруйнади уагæвæрди бундорбæл. Иннети барадон уавæр бахузæнон кæнунбæл дæр архайд цæуй.

Æмбурди докладтæ искодтонцæ æма фæндитæ бахастонцæ фæллойни Федералон службi разамонæги ихæстæ æнхæстгæнæг **Иван Шкловец**, Уæрæсей Федераций Социалон фонди сæрдари хуæдæййевæг **Александр Чернышев**, Уæрæсей Федераций медгъуддæгути министради Цæгаткавказаг управлений разамонæг **Сергей Бачурин**, æндæр ведомствити æма регионти минæвæрттæ.

Æмбурдæн хатдзæгтæ кæнгæй, Юрий Чайка бæлвурд ихæслæвæрдтæй байхæсгин кодта профилон ведомствитæ æма федералон зилди регионти бæрнон косгути.



# ТУХГУСТÆН Æ ПАЙДА ФУЛДÆР ÆЙ ÆВИ Æ ЗÆРАН?



***Уæрæсей Федераций Фæллойнадон закъонадæмæ гæсгæ адæймаг косгæ къуæрей дæргъи гъæуама коса 40 сахатти.***

Цума æнæуой ба цæйбæрцæ бауодзæнæй адæймаги бон бакосун, дæ кустæн дин дæхемæ гæсгæ, фагæ мизд фист ку цæуа, уæд? Уæхæн фарста дзиллон цæстингас бæлвурдгæнгутæ равардтонцæ, кусти бунæттæ ка агоруй адæмæн, еци уагæдони косгутæмæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй сауæнгæ дувæр миздбæл дæр сæ рæстæмбеси бон нæй бакосун.

Ке бафарстонцæ, етæ адтæнцæ 1600 адæймагей бæрцæ. Уæрæсей кустбæл хуæст адæми 48 проценти арази нæ ‘нцæ къуæремæ 40 сахаттемæй фулдæр косунбæл, сауæнгæ син уæлæнхасæн ку федонцæ, уæддæр. Уони ‘хсæн фулдæр æнцæ силгоймæгтæ (59 проценти). Æма уомæн æнæ уотæ уæн дæр нæййес. Фулдæр бакоснубæл арази ‘нцæ нæлгоймæгтæ. Етæ ‘нцæ сæйраг хæдзардартæ, уомæ гæсгæ ба цæттæ ‘нцæ уæлæнхасæн косунбæл, се ‘нæнездзийнадæбæл нæ мæтæгæнгæй.

Уæрæсей кусти лæуд адæмæй сæ кусти мизд 50 мин сомемæ кæмæн хъæртуй, етæ нæ ‘нцæ арази къуæрей дæргъи 40 сахаттемæй фулдæр косунбæл. Уомæй фулдæр улупа ка есуй, етæ ба арази ‘нцæ никкидæр ма фулдæр косунбæл.

Косгути 39 проценти ба арази ‘нцæ 40-50 сахатти косунбæл дæр, 3 проценти ба 60-80 сахатти косунбæл дæр хуарз мизди хæццæ.

Айдагъдæр 4 проценти арази ‘нцæ 80 сахаттемæй фулдæр косунбæл къуæрей дæргъи. Уони ‘хсæн æнцæ, 35-45 анзи кæбæл цæуй, уæхæн фæсевæд, æцæг сæ кусти мизд 100 мин сомемæй уæлæмæ куд уа, уотемæй.

Æгæр берæ рæстæг ка фæккосуй, етæ ахиддæр гъаст кæнунцæ, се ‘нæнездзийнадæ лæмæгъ ке æй, уомæй. Фал царди æхцагъæуагæ ке æййафунцæ, уомæ гæсгæ ба æнæбари дæр цæунцæ уæлæнхасæн кустмæ. Е, гъай-гъайдæр, хуæрзæрдæмæ нæ зиннуй фæллойнæгæнæг адæймагбæл. Кустдæтгутæн ба сæ фулдæр хай уоййасæбæл нæ мæтæ кæнунцæ сæ косгути æнæнездзийнадæбæл, цæйбæрцæ син гæнæн ес, уойбæрцæ, куд фæззæгъунцæ, цъирунцæ адæймаги хъаурæ, федгæ ба – къапеккитæ.

Расагъæс кæнетæ, еци уæлæнхасæн къапеккитæ уæ уотемæй гъæунцæ, уобæл.






# ÆМБÆСТОНТИ ЕУДЗИЙНАДÆ – ФАРНÆХÆССÆГ

Цæгат Иристони декабри фиццаг бæнтти кадгин уавæрти æрæзт æрцудæй Еугурдуйнеуон форум «Æмбæстаг адæмти еудзийнадæ – дуйней сабурдзийнади бундор». Æ сæйраг нисанеуæг ба иссæй нæ республики аци анзи ахсгиаг цаутæ – Республикæ Цæгат Иристони автономий 100 анзи, Иристон Уæрæсей хæццæ байеуни 250 анзи, Дзæуæгигъæуи равзурди 240 анзи æма ирон литературон æвзаги бундорæвæрæг Хетæгкати Къостай райгурди 165 анзей – кадæн.

Аци фембæлдмæ æрæмбурд æнцæ не ‘мзæнхонтæ Уæрæсей алли рауæнтæй, уомæй уæлдай ба ма фæсарæнтæй дæр – Туркæй, Сирийæй, Бельгийæй, Нидерландтæй, Казахстанæй, Гурдзийæй, Италийæй æма æндæр бæститæй.

Форум байгон кодта Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Æма уой архайгутæн зæрдиагæй райарфæ кæнгæй, загъта:

– Æхцæуæн мин æй, не ‘мбæстонтæ, алли рауæнти цæргæй, сæ фидиуæзæги хæццæ сæ еудзийнадæ ке нæ исафунцæ, æновуд ибæл ке ‘нцæ, цийнæдзийнади дæр æма зин рæстæгути дæр кæрæдзей фарсмæ ке ‘рбалæуунцæ, е. Нæ адæми æгъдау, нæ адæми культурæ æма нæ маддæлон æвзаг уоми дæр сæрустурæй цитгин кæнетæ, æма уæ цæрæнбон берæ уæд! Арфæ уин кæнун! Форум æрбамбурд кодта нæ хуæртæ æма не ‘нсувæрти, нæ фидтæлти зæнхи хæццæ бастдзийнадæ федар кæнун ке фæндуй, уони. Е æй нæ еумæйаг ахсгиаг гъуддаг. Мæнæй æруагæс кæнуй, ци ахсгиаг фарстатæбæл дзубанди кæндзинан, ци фæндитæ æма нисантæ рахæссæн аци форуми, етæ, Иристони хæццæ баст ка ‘й, еци адæми еудзийнадæн ке фæййагъаз уодзæнæнцæ.

Мах ан берæнацион, æма берæ динтæ бунат кæми иссирдтонцæ, уæхæн республикæ, æма нæ алли адæмти хæццæ дæр фæндуй хæларæй цæрун.

Æ радзубандий ма Сергей Меняйло уотæ дæр баханхæ кодта:

– Мæ дзубанди райдæдтон ирон æвзагбæл, уæдта рахизтæн уруссаг æвзагмæ. Мæ зæрдæбæл æрбалæудтæй уæхæн гъуддаг. Кæддæр фембалдтæн зундгонд дагестайнаг поэт Расул Гамзатови хæццæ. Е загъта уæхæн дессаги загъд: «Æнæ уруссаг æвзагæй æз адтайнæ айдагъдæр еу коми поэт...» Е уобæл дзоруй, æма мах Уæрæсей цæрæн æма дууæ æвзаги дæр нæ республики ‘нцæ паддзахадон.

Форуми рæстæг æ архайгутæ æрдзурдтонцæ не ‘мзæнхонти ‘хсæн уæрæсейаг уодварнон хæзнатæ парахат кæнуни гъуддагбæл, нæ историон бунтæ багъæуай кæнунбæл, æхсæнадон гъудибæл рæстадæй архайуни гъуддаги дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæн ци ахедундзийнадæ ес, уобæл æма ма берæ æндæр ахсгиаг фарстати фæдбæл.



**Александр АВИЛКИН, доктор исторических наук: «В современных условиях историография советско-финляндской войны (1939-1940 г.г.) вышла на качественно новый этап. В историографии Зимней войны много не только познавательного, но и поучительного для выбора дальнейших перспектив российской исторической науки.**



Конная артилерия: впереди тяжелый путь по заснеженной дороге.

# КРОВЬ НА СНЕГУ

## ПОБЕДА В СОВЕТСКО-ФИНСКОЙ ВОЙНЕ, НАЧАВШЕЙСЯ 30 НОЯБРЯ 1939 ГОДА, ДАЛАСЬ НАМ ДОРОГОЙ ЦЕНОЙ

**Николай ДОЛГОПОЛОВ**

***Чем сложна история? У каждой стороны здесь своя, сугубо ей выгодная трактовка. И заблудиться в дебрях событий, фактов, цифр, преподносимых совершенно по-разному, немудрено. Но и из этого густого леса надо выкарабкиваться. Не выбирать, а находить и обосновывать собственный взгляд.***

Финны, да все западники, истолковывают причины, ход, итоги той войны на собственный лад. Понятно, какой, если тогдашний президент Финляндии в ее преддверии твердил: «Любой враг России должен быть другом Финляндии».

Товарищ Сталин еще до войны в более примирительном тоне втолковывал руководителям Суоми на переговорах в Москве, так ничем и не закончившихся: «Мы ничего не можем поделать с географией, как и вы. Ленинград передвинуть нельзя. Придется передвигать границу». Вождь предлагал на 90 километров. Но даже о том, сколько же от города Ленина, который вроде бы были не прочь сделать столицей СССР, до общей границы, мнения у соседей не совпадали. В советских довоенных источниках расстояние измерялось 25-30 километрами, у оппонентов – 35 и даже 40.

Что уж говорить о потерях. Сдается мне, что их точную цифру спустя 85 промчавшихся лет уже никогда не установить. Наши и финны приводят данные, в разы друг от друга отличающиеся. Сразу после поражения противник оценивал печальные для себя итоги так: убитых – 20-40 тысяч, раненых – 40 тысяч. В СССР считали поиному: убиты 85 тысяч финских военнослужащих, ранены – 250 тысяч.

Даже по сведениям РККА, наши безвозвратные потери гораздо тяжелее – 95 348 человек. Раненых 248 тысяч, из них 22 процента обмороженных. В новейшей истории цифры убитых год от года резко возрастали, дойдя до 167 976 погибших. Трагично для войны, длившейся три месяца и двенадцать дней.

Так ли бесконечен этот длиннющий черный список? Да, открывались архивы, данные уточнялись, вскоре грянула Великая Отечественная, и о советско-финской битве, понятно, что для нас кровопролитной, как-то если не забыли, то упоминали редко. А после Второй мировой мы установили с Финляндией добрые отношения, омрачать которые горькими воспоминаниями считалось политически неграмотным. Сейчас «правила правописания» снова изменились, а с ними произошли и уточнения. Вот они, игры истории.

Но эта наука тем и хороша, что оставляет каждой стране право на оценку событий. Почему мы должны смотреть на грянувшую 30 ноября войну чужими глазами? Нет, что ли, у нас своих собственных?

### ТОЧКА ОТСЧЕТА

Считается, что 26 ноября финская артиллерия обстреляла советскую деревушку Майнила, что в километре от границы, убив трех красноармейцев и их командира. Газета «Правда» назвала это грязной провокацией, наверняка имея на то основания. По ту сторону это отрицали, обвинив в провокации Советы. И 30 ноября 1939 года началось.

И не могло не начаться. Потому что все переговоры, на которые делегация Финляндии трижды приезжала в Москву в октябре и ноябре, заканчивались ничем. Да, с географией было не поспорить, а мы предлагали действительные выгодные условия.

Очень вкратце. Отодвинув границу на 90 километров от Ленинграда, отдавали далеко не мирным соседям гораздо большую территорию Карелии. Тоже рискованно, ибо в Хельсинки, как это бывает с малыми странами, грезили о создании «Великой Финляндии». И как бы еще финны использовали новые территории, неизвестно. Но ради безопасности Ленинграда наши были готовы на все. А финны – нет.

Даже второе лицо Третьего рейха Герман Геринг, только произведенный в генерал-фельдмаршалы и занявший пост заместителя фюрера в совете министров, упрекал финнов в «излишней агрессивности». Посоветовал трепетно смотревшим в рот Гитлеру союзникам быть посговорчивее, согласиться. Те неожиданно проявили непокорность. Не зря с декабря 1917 года, получив дарованную Владимиром Ильичом Лениным независимость, Финляндия дважды вступала с нами в войну. Так называли эти конфликты не в Стране Советов, а в Хельсинки. И неслучайно до 1939 года там открыто заявляли, что у них нет никаких внешних врагов, кроме одного, на борьбу с которым и направлены все усилия.

И 9 ноября финны покинули Москву, так ни о чем и не договорившись с терпеливо увещевавшим их наркомом Вячеславом Молотовым. О нем во вскоре начавшейся войне финны не забыли. Забрасывали советские танки, к сожалению, слабозащищенные и быстро сгоравшие, бутылками с зажигательной смесью из смолы, бензина и этанола. Это, как оказалось, грозное и легкое в изготовлении оружие, до наших дней дожившее, прозвали «коктейлем Молотова».

### С ШАПКАМИ НЕ ПОЛУЧИЛОСЬ

Отодвинуть границу туда, где ей и надлежало быть согласно Тартускому договору 1920 года, мирным путем не удалось. По планам нашего командования, война должна была закончиться за две недели. А продлилась 104 тяжелых дня с нежданно тяжелыми безвозвратными потерями.

Начну с малого: Красная армия была к войне подготовлена неважно. Взять хотя бы шапки: мороз, а воевали в подобии буденовок. И подвезти обмундирование, как и снаряды, вооружение, провиант, не говоря уже об оперативной переброске войск, было трудно. Да и куда? Как? Незадолго до событий приняли постановление о строительстве дорог – шоссейных и железных, ведущих к границе. Но проложить их до конца не успели. Имели преимущество в живой силе – около 400 тысяч против приблизительно 265, в самолетах, артиллерии, подавляющий – в 23 раза! – перевес в танках...

Но все это на первых порах застревало на подступах к передовой. Было много обмороженных: как воевать в шинелях в 40-градусный холод? Правда, финские источники, их-то войска были хорошо экипированы не только теплыми шапками-ушанками, считают, что и морозы были для зимы обычные, градуса 23-24, а никак не 40. И сугробы не двухметровыми, в которых застревала техника РККА. Снежный слой всего 20 сантиметров. А бегать на коротких лыжах финны умели с детства.

Но в чем ни у кого сомнений – война была суровой и кровавой. Думали закидать шапками, а понесли огромные потери. Не ожидали мы от соседей суровой беспощадности. Не предполагали, что армия Маннергейма будет вести боевые действия, пытаясь вклиниваться в бреши между нашими частями и хитро откатываться на заранее приготовленные рубежи обороны.



Советско-финская война 1939-1940 годов – на архивном фото РГАКФД.

**Ставка Верховного Главнокомандования 11 декабря 1942 года утвердила план операции «Кольцо» по разгрому окруженных под Сталинградом немецко-фашистских войск.**

*Это полезный опыт необходимо учитывать при подготовке новых произведений об истории наиболее драматического периода взаимоотношений между СССР и Финляндией. Они должны оставаться суровым назиданием нашим народам, чтобы подобная трагедия в отношениях между Россией и Финляндией не повторилась в будущем...»*




**Пулемет стал настоящим другом – верным и никогда не подводившим. И не только на той полузабытой советско-финской войне. Фото: РИА Новости.**

Вся тяжесть битвы пала на плечи бойцов Ленинградского военного округа. Считали, будто его усилий достаточно, чтобы одолеть врага. Сражались храбро. Уверенно продвигались вперед в Заполярье. Ринулись на Карельский перешеек. Нанесли там первый удар, продвинулись с боями немного вперед. И уткнулись в полосу укреплений. Известна она теперь как линия Маннергейма.

Сам бывший царский генерал, ставший в годы Великой Отечественной гитлеровским холуем и мечтавший превратиться в палача блокадного Ленинграда, в мемуарах утверждал, будто и линии особой не было. Вранье. Построили оборонные полосы. Часть из них – бетонные. Ощетинились колючей проволокой. Вгрызлись в землю огневыми точками. Между ними переходы. Противотанковые рвы не давали возможности использовать нашу технику. Из дотов и дзотов наступавших поливали прицельным огнем. А наши на первых порах шли вперед крупными силами и, как правило, отбросив хитрости, атаковали прямо в лоб. Финны сражались крепко, рук почти никогда не поднимали, за всю войну взяли наши всего около тысячи пленных.

Иногда сталкивались в боях явно не с финнами. Откуда было знать, что в Финляндию нагрянули вояки, их называли добровольцами, из Швеции (восемь тысяч), Норвегии, Дании, США, Великобритании, как без нее, и даже из Южно-Африканского Союза. Им-то что было здесь делать. Европа втихую поставляла вооружение. Немцы, помимо прочего, посылали наблюдателей. Советско-германский договор о ненападении был заключен, но в Берлине знали, что воевать с русскими придется, и придется очень скоро – и обязательно в спайке с финнами. Так что анализировали, изучали и наших, и своих...

### КАКАЯ ТУТ РАЗВЕДКА

В таких условиях нельзя было обойтись Красной армии без разведки. Винят ее нещадно. Недооценили противника, предполагая, к примеру, что финны развернут 12 дивизий, а их оказалось 18. Весьма смутные сведения о мощнейшей оборонительной линии Маннергейма стали одной из причин того, что наши войска не смогли с ходу ее преодолеть, завязли на Кольском перешейке. Да, разведка сработала не так, как должна была.

Но как сработать удачно, если военную разведку Ленинградского военного округа в 1937-1938 годах почти полностью обезглавили. Я уже писал об этом. Практически весь оперативный состав и агенты репрессированы. Ее руководители, выпускники Академии РККА имени Фрунзе, полковники Юлий Гродис и сменивший его в 1937 году Илья Линдов-Лившиц, арестованы и расстреляны. Оба профессиональные разведчики высокого уровня, Линдов-Лившиц работал в Китае и Персии. Принято небывалое решение: все разведданные, собранные Ленинградским ВО, признаны неверными и изъяты.

Счастливая случайность, что уже после первых неудачных месяцев зимней войны в архивах отыскались вопреки приказам чудом не уничтоженное описание линии Маннергейма и целый альбом с ее фотографиями. Все сведения добыли разведчики Гродиса еще в 1937 году. Как же пригодились они в финскую. Быть может, и за это в 1956-м полковник награжден (посмертно) орденом Ленина. Поголовно все репрессированные разведчики реабилитированы.

В откровенных воспоминаниях маршала Василия Чуйкова приводится горькое признание: в зимнюю войну наша агентура, забрасываемая в финский тыл, не возвращалась назад. Погибали все.

С июля 1938 года начальником разведотдела Ленинградского ВО назначен генерал-майор Петр Евстигнеев, избежавший чисток. Возрождать загубленную разведку ему пришлось чуть ли не с нуля. Созданные отряды Наркомата внутренних дел обязаны были обеспечить условия для нашего главного удара, наносимого тогда крупными нашими силами. На фронте создали лыжные разведывательно-диверсионные группы, появление которых стало для финнов неожиданностью. Потерь и пленных в проклятую финскую могло быть и больше, если бы эти отряды НКВД не выдвигались вперед, отрываясь на три-четыре десятка километров от наших частей и соединений. Вклинивались во вражеские позиции. Вели разведку, тревожили неожиданными налетами противника, пытались захватить в плен финских разведчиков-диверсантов, сумевших пробраться поближе к передовым частям Красной армии.

И еще научились бороться против финских кукушек. Не невинных птичек, деловито отстукивающих годы нашей жизни, а стрелков-снайперов, часами почти неподвижно высиживавших на деревьях и убойными выстрелами лишавших жизни красноармейцев, высматривая среди них командиров.

### РАБОТА НАД СМЕРТЕЛЬНЫМИ ОШИБКАМИ

В Москве царила тревожная атмосфера. Даже тон газет, сугубо официальных, изменился с декабрьского возвышенно-победного на вполне искренний. Финнов теперь называли белофиннами. Относительно откровенно писали о том сопротивлении, которые они оказывают. Рассказывали о наших героях. Было о ком. Золотые звездочки получили больше 400 самых храбрых, ордена и медали вручили 50 тысячам солдат и офицерам.

Фронт на почти два месяца замер, словно вмерз в землю. Мы готовили силы для удара. Ясно, что одному Ленинградскому военному округу эту войну было не выиграть. Создали Северо-Западный фронт во главе с командармом 1-го ранга Семеном Тимошенко.

Назначение прошло необычно. Тревожное положение рассматривали на Военном совете в Кремле. Ясно, что командир был нужен решительный, способный пересмотреть прежнюю не оправдавшую себя тактику и вести войну по-новому. Сталин вдруг спросил, ошарашив военную верхушку то ли демократичностью, то ли признанием в собственной неуверенности, кто же готов взять на себя командование на Карельском перешейке. Ответом было долгое молчание. Тут и поднялся Семен Константинович Тимошенко. Осмелился поставить условие, что если дадут все, что было на Военном совете обещано, готов взять командование войсками на себя.

Он перебросил на Карельский перешеек несколько дивизий. Включил в дело тяжелую артиллерию, еще эффективнее использовал созданные группы лыжников, привлек больше снайперов. Не побоялся, признав ошибки, пусть и чужие, снять с фронта танки. В условиях той войны рассчитывать на них было ошибочно.

К 1 февраля 25 дивизий приступили к штурму линии Маннергейма. Для начала за 24 часа по ней было выпущено около 3000 снарядов. Такого не было со времен Первой империалистической, она же мировая. Линию прорвали: открылась прямая дорога на Хельсинки.

12 марта 1940 года был подписан Московский мирный договор между СССР и Финляндией о завершении советско-финской войны. Граница от Ленинграда была отодвинута на запад на 120-130 километров. К СССР отошли Выборг, Сортавала, Кексгольм. Советская территория приросла 40 тысячами квадратных километров, которые мы же за здраво живешь щедро отдали Финляндии в годы революции.

Не могло обойтись и без оргвыводов. Место легендарного наркома Гражданской войны Клима Ворошилова без излишнего шума, шуметь тогда было не принято, занял Семен Тимошенко, удостоенный за финскую Звезды Героя Советского Союза и маршальского звания.

Стало понятно: время лихой конницы прошло, она ускакала в Лету. Конструкторы принялись работать над усовершенствованием танков. Без утолщения брони было не обойтись. Красная армия относительно скоро получила некоторые виды нового оружия. Были возвращены и кое-какие старые, надежные, ранее черечсур поспешно снятые с вооружения, например, ставший знаменитым пистолет-пулемет (ППШ).

Красная армия получила огромный, собственной кровью оплаченный опыт ведения боевых действий в тяжелых условиях зимы, лесной местности. Он и помог в годы Великой Отечественной отстоять Заполярье. И, главное, спасти Ленинград, выстоявший вопреки всему. В том числе и против финской армии, ведомой тем же Маннергеймом.

***Статья с некоторыми сокращениями перепечатана из «Российской газеты», номер за 28 ноября 2024 г.***


**Бойцы-гармонисты на взорванном финском доте в районе Хотинен 1939–1940 гг. Фотограф В.А. Темин.**



**Ленинградцы встречают вернувшийся с фронта лыжный батальон. Фото: РГАКФД.**

**Разгром немецко-фашистских войск под Москвой начался 5-6 декабря 1941 года. Контрнаступление советских войск продолжалось до 7-8 января 1942 года.**

☺ ☺ ☺

*Муж, увидев, что жена вернулась с большой наполненной сумкой, говорит:*
*– Пора кончать с этим, дорогая. В твоем возрасте ты не должна носить такие тяжести.*
*– И что ты посоветуешь?*
*– Лучше сходить дважды.*

☺ ☺ ☺

*Жена делает мужу замечание:*
*– Ты очень плохо выколачиваешь ковер. Нужно бить сильнее.*
*– Сильнее нельзя.*
*– Почему?*
*– Если бить сильнее, поднимается ужасная пыль.*

## ХÆДЗАРИ ÆГЪДАУ ФИЦЦАГ СИНХБÆСТÆМÆ ЦÆУЙ, УÆДТА – ГЪÆУБÆСТÆМÆ!..



# ХУÆРЗУАГÆ – БИЙНОНТИ АМОНД!..

***Бийнонти цардиуаги хабæрттæ уæхæн æнцæ, æма сæ алкедæр æхе гъудимæ гæсгæ баруй. Зæгъæн, силгоймæгтæн сæ фулдæр æнæсеккæй уотæ æнгъæл æнцæ, æма си нæлгоймæгтæй фулдæр агурдæуй. Нæлгоймæгтæй ба еуæй-еуетæ уотæ гъуди кæнунцæ, æма хæдзари зелуйнæгтæ æнцонæй-æнцондæр æнцæ, сабийтæн ба, дан, ес рæвдауæндæнттæ. Нæлгоймæгтæй ма кадæртæ уотæ æнгъæл дæр æнцæ, æма сæ бийнойнæгтæн сæ гъудий кæрони дæр нæй сæ кусти уавæр æма нæ 'нцæ балæдæрунгъон, изæрæй сæхемæ уоййасæбæл фæлладæй цæмæн æрбацæунцæ, уой. Æвæдзи, уомæ гæсгæ се 'хсæн рауайуй хъаугъа, гъома, фулдæр си ка ауодуй бийнонтæбæл.***

***Цидæр æй, уæддæр бавзарай, уой фæдбæл дæмæ ци цæстингас ес, уой исбæлвурд кæнун. Æма мæнæ дæлдæр ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæй «æз», зæгъæ, дзуапп кæцидæрбæл ку раттай, уæд дæхецæн банимайæ еу балл.***

**1.** Дæу æви дæ бийнойнаги цардиуагæ итингдæр æй?

**2.** Ка уи фулдæр ауодуй сувæллæнттæбæл?

**3.** Сæ фарстати фæдбæл сувæллæнттæ ахиддæр уи сæхе кæмæ бахатунцæ?

**4.** Скъолай ниййергути æмбурдтæмæ уи ахиддæр ка цæуй?

**5.** Устур бæрæгбæнтти фæдбæл игъæлдзæгдзийнæдтæ рæвдауæндони, скъолай кенæ уæхемæ уæ хæдзари ахиддæр уи ка аразуй?

6. Сувæллæнттæ гъомбæл кæнуни киунугутæ уи фулдæр ка кæсуй?

**7.** Кустæй уи уæхемæ фæстæдæр ка 'рбаздæхуй?

**8.** Уæ хæдзари уæззау куститæ уи ка 'нхæст кæнуй?

**9.** Æнтъуснæг, уæнгсастдзийнадæ æма æндæр уæхæн тухст уавæри бахаунмæ уи тулавастдæр ка 'й?

**10.** Ке куст уи уæззаудæр æй?

**11.** Уæ кусти рауæнмæ уи фулдæр цæун ке гъæуй?

**12.** Ка уи фулдæр ауодуй бийнонтæбæл?

**13.** Ка уи æй уæлдай тингунгæнагæдæр?

**14.** Хæдзари куститæй уæлдай лæмбунæгдзийнадæ кæми гъæуй, уой уи ка фенхæст кæнуй?

**15.** Хуæруйнаг уи ахиддæр ка фæццæттæ кæнуй?

**16.** Хуæлцæ æлхæнунмæ уи ахиддæр ка цæуй?

**17.** Уæ бийнонтæй хуйгæ кенæ æлвесгæ ка кæнуй?

**18.** Æхснæнгæ ба уи ка фæккæнуй?

**19.** Æфснайгæ ба уи ка фæккæнуй?

**20.** Хæдзари медæгæ листæг цалцæггæнæн куститæ ба уи ка фæккæнуй?

**21.** Фулдæр уи кæмæн ес рахастдзийнæдтæ синхæнтти, лимæнти хæццæ?

**22.** Уæлдай æнгондæр рахастдзийнæдтæ уи кæмæн ес хæстæгути хæццæ?

**23.** Бийнонти номæй финстæгутæ кæд фервететæ, уæд сæ финсгæ ба ка фæккæнуй?

**24.** Электрон рохсбæл хæрзтæ ка фæффедуй, уæдта газеттæ ка рафинсуй?

**25**. Тикисæн, куййæн, кæсæлгитæн уи ка бахуæрун кæнуй?

**26**. Уæ дзæхæрадони уи ка фæййархайуй, уæдта уæ хæдзари медæгæ зайæгойтæмæ ка зелуй?

**27**. Кæмæн уи фæууй, æнцойни рæстæг (отпуск) нæ нимайгæй, фулдæр уæгъдæ рæстæг?

**28**. Сувæллæнтти ахури хабæрттæмæ фулдæр æргом уи ка 'здахуй?

**29.** Уæ бийнонти бюджети хабæрттæ уи ке къохти 'нцæ?

**30.** Уæ бийнонти уæгъдæ рæстæги хабæрттæ уи ка нисан кæнуй æма хатдзæг искæнунмæ барæ кæмæ хауй?

Нур ба искæнæн хатдзæгтæ, цалгай баллтæ æрæмбурд кодтай, уомæ гæсгæ.

**22 æма фулдæр балли.** Уæ бийнонти 'хсæн хæдзари медæгæ зелæнтæ уæ медастæу иурст æнцæ тæккæ хуæздæр хузи, зæгъгæ, уотæ нерæнгæ зæгъæн нæма ес. Нæлгоймагæн растдæр уодзæнæй æ цардæмбали бафæрсун, цæмæй ин фæййагъаз кæнай хæдзари кустити. Уæдта, æвæдзи, æгæр ахид фæззæгъис, мæ бон нæй еци гъуддаг бакæнун, зæгъгæ. Æма уотæ æнæсайдæй фæззæгъис?

Силгоймагæн ба растдæр уодзæнæй, æ лæгмæ цæмæй цæмæдесдзийнадæ фæззинна, хæдзари кæцидæр куститæ æнхæст кæнунмæ, уой туххæй æй растаун дæр.

**13-20 балли.** Уæ бийнонти медæгæ уавæри тухстагæй неци ес. Дæ бийнойнаг хæдзари зелæнти фулдæр хай кæд æхемæ есуй, уæддæр уоййасæбæл ахид нæ. Æма ду дæр, æ лæг, куддæр дин равгæ фæззиннуй, уотæ ин агъаз кæнис.

**12 æма уомæй минкъийдæр баллтæ.** Дæумæ, æвæдзи, уотæ кæсуй, æма уæ хæдзари медæгæ еугур гъуддæгутæ дæр раст иурст æнцæ. Кæд уотæ æнгъæлис, уæд рæдуйис, уомæн æма дæ бийнойнаг уонæн сæ фулдæр хай райста æхемæ. Басагъæс кæнæ уобæл, æма æнгъæлмæ ма кæсæ, цалинмæ уæ хæдзари нæ бамбурд æнцæ кæрæдземæн уайдзæфти æма зæрдихудтити сау мегътæ. Дæхемæ райсæ еци зелæнти кæцидæр хай. Е уодзæнæй лæдæргæ æма раст гъуддаг. Еумæ ке 'нхæст кæндзинайтæ уæ хæдзари медæгæ зелæнтæ, уомæй зингæ фæххуæздæр уодзæнæй бийнонти 'хсæн лæдæрундзийнадæ æма нимайундзийнадæ. Амондгун уотæ!..

## АДÆЙМАГ ЦИ НÆ ФЕГЪОСДЗÆНÆЙ

***Еугæр нæ абони æрфарсти дзубанди бийнонти 'хсæн рахастдзийнæдти фæдбæл ке 'нцæ, уомæ гæсгæ равзурстан мæнæ аци хабæрттæ дæр.***

### НÆЛГОЙМÆГТÆ ХАРАКЕТДÆР ÆНЦÆ

Уæхæн хатдзæг искодтонцæ англисаг социологтæ. Етæ куд исбæлвурд кодтонцæ, уотемæй се 'мзæнхон нæлгоймæгтæ фулдæр хæрзти бацæуунцæ лæвæрттæ кæнуни туххæй. Зæрдæлхæнæн лæвар си ка ракæнуй, е æй 16-34-анздзуд, æ зонгæ силгоймаги хæццæ ин рахастдзийнæдтæ кæд анзи дæргъи ес, уæддæр еумæ ба нæ цæрунцæ. Уогæ цæйбæрцæбæл дæргъвæтийнæдæр кæнунцæ сæ уæхæн рахастдзийнæдтæ, уотæ минкъийдæр харз кæнунцæ, зæгъæн, цæппорси бæрæгбони фæдбæл лæвæрттæбæл. Социологти хатдзæгмæ гæсгæ, кæд æма æнкъайтæ анз-дууæ анзей дæргъи лæвæрттæн исхарз кæнунцæ 100-200 фунти, уæд фулдæр рацæрæг адæймæгутæ ба цалдæр дæсгай фунти.



### КА ФÆММУЛД УЙ?

Кений цæруй адæмихатт лухиа. Уосæ ракорун исфæндæгæнгæй биццеу гъæуама æ уарзон кизги бауæндун кæна, бæгъатæр ке æй, уобæл, æма ин æ къæхти бунмæ æргæлдза леопарди цар. Кæд кизгæ арази уа, уæд исесдзæнæй цар æма 'й æ усхъитæбæл багæлдздзæнæй.

Фал лухиай зундгонд лæхъуæнтæн зин-зиндæр кæнуй еци æгъдау æнхæст кæнун, уæдта леопардбæл цауæн кæнун тæссаг ке æй, айдагъ уой туххæй дæр нæ. Еци тогцъухтæ уотæ æстæн иссæнцæ æма бахаудтæнцæ Сурх киунугæмæ, фæууинæн ма сæ ес айдагъдæр сирддæнтти.

Æма уæд куд киндæуа? Цалдæр æргъудигин уосгор лæхъуæни еу къупецагæй балхæдтонцæ кæнгæ «леопарди цар». Фал сæ кизгуттæ низзуввуттитæ кодтонцæ: «Кæбæл билæскъелтæ кæнетæ, е уин ку нæбал уа!» – загътонцæ лæхъуæнтæ æма æндæр адæмихæттитæй кизгуттæ ракурдтонцæ.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Номдзуд уруссаг балхонтæй ка загъта уотæ: «Цалинмæ, ка фæммард æй, етæ фæстаг тугъдони уæнгæ се 'носон бунатбæл не 'сæмбæлонцæ, уæдмæ тугъд нæма фæцæй!..»**

а) Александр Невский. б) Александр Суворов. в) Петр Багратион.

**2. Недзамайнаг сахар-паддзахадæ Карфаген (адтæй Цæгатаг Африки, нури Туниси фæзуати) Ромаг импери цалдæр хатти ходуйнаггæнæг дæрæн ке никкодта, уомæ гæсгæ уæди номдзуд ромаг балхонтæй еу æ радзубандити еудадзугдæр æнæзæгъгæ нæ фæууидæ: «Уой ма зæгъуйнаг дæн, æма Карфаген гъæуама ихæлд æрцæуа…» Ка адтæй еци балхон?**

а) Гай Юлий Цезарь. б) Марк Порций Катон Хестæр. в) Квинт Фабий Максим.

**3. Уæрæсейаг номдзуд балхонтæй уотæ ка загъта: «Уæрæсей хузæн парахат паддзахади нихмæ тугъд разгелун æй уæхæн æдулидзийнадæ, кæцибæл еунæг рæстмæгъудигæнæг политик æма балхон дæр гъæуама маймайиддæр ма исарази уонцæ!..» Уруссаг номдзуд балхонтæй уотæ ка загъта?**

а) Петр Румянцев. б) Михаил Кутузов. в) Михаил Скобелев.

**4. «Тугъдтитæ кади дæлбарæ 'нцæ æма мæнгæдзийнадæ, кæцибæл бауæндунцæ, исуй æцæгдзийнадæ…» Дуйней номдзуд балхонтæй уотæ ка загъта?**

а) Александр Македонский. б) Наполеон Бонапарт. в) Чингисхан.

**5. Уæрæсей паддзах Николай Дуккаг 1898 анзи фæдздзурдта еугур дуйней хецауæдтæмæ дæр, цæмæй еумæ æрæмбурд уонцæ æма бадзубанди кæнонцæ нæуæг тугъдтитæ мабал æруадзуни туххæй. Еци цауи кадæн музыкалон дзаумæуттæ зундгонд францусаг дæсни Альберт Жако сæрмагондæй циуавæр музыкалон дзаумау исцæттæ кодта æма 'й комкоммæ уæрæсейаг императорæн балæвар кодта?**

а) Фортепьяно. б) Виолончель. в) Дзæнгæрæг.

**Нур ба уæ зонгæ кæнæн нæ газети 45-аг номери мухургонд фарстатæбæл раст дзуæппити хæццæ.**

1. Хетæгкати Къоста. 2. Алексей Толстой. 3. «Фæццæрдзинан авдисæрмæ» («Доживем до понедельника»). 4. Инктæ. 5. Швеций.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2654**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 6.12.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 6.12.2024.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**